

Anons Lamès

Ventwazyèm Dimanch nan Tan Òdinè

9/10 Septanm

Chak mwa septanm, Clergy Trust (Fon Klèje) ba nou yon opòtinite pou nou “Remèsye Prèt nou yo” nan plizyè fason. Ou ka deja fè pati nan Defi Lapriyè yo a k ap pase kounye a. Yon lòt fason ou kapab remèsye prèt yo se patisipe nan koleksyon espesyal k ap fèt semèn pwochèn lan ki benefisye Clergy Trust (Fon Klèje) a yon fason pou yo ka kontinye bay pwogram sante ak byennèt ansanm ak sipò pou tout prèt aktif ak aje nou yo ki an règ. Si w vle aprann plis sou defi lapriyè a oswa si w vle bay kado w lan nan koleksyon an jodi a, vizite clergytrust.org.

Vennkatriyèm Dimanch nan Tan Òdinè (FEN SEMÈN KOLEKSYON)

16/17 Septanm

Gen yon koleksyon espesyal jodi a k ap benefisye Clergy Trust (Fon Klèje) a ki bay pwogram ak sipò pou pran swen sante ak byennèt tout prèt dyosèz ki aktif ak aje yo ki an règ. Mwen ka di w dapre eksperyans ke konnen nou gen sipò Clergy Trust (Fon Klèje) a pèmèt mwen menm ansanm ak frè prèt mwen yo konsantre plis sou atansyon nou nan sèvi Bondye ak pèp li a. Kounye a, si ou tankou mwen/pifò moun, pwobableman ou pa mache ak lajan likid sou ou. Si ou ta renmen ale sou Entènèt pou w fè yon don, tanpri eskane kòd QR ki nan bilten an oswa nan vizite clergytrust.org. Ou ka pran youn nan anvlòp yo dèyè Legliz la tou pou w ale lakay ou epi voye yo pita. Mèsi anpil pou jenerozite w.

LAPRIYÈ FIDÈL YO POU LAMÈS FEN SEMÈN KOLEKSYON SÈLMAN:

Pou tout prèt aktif ak aje nou yo ki an règ epi ki dedye lavi pa yo pou sèvi lòt moun san pran souf. Ke yo kapab kontinye ranfòse kominote nou yo atravè ministè yo epi pote prezans Kris la bay tout sila yo ke yo rankontre.

Vennsenkyèm Dimanch Tan Òdinè

23/24 Septanm

Nan non pa mwen menm ansanm ak frè prèt mwen yo, mèsi pou sipò ou nan dezyèm koleksyon espesyal fen semèn ki sot pase a ki te benefisye Clergy Trust (fon Klèje) a. Si ou pa te kapab fè yon don semèn pase a men ou ta renmen toujou kontribye, tanpri gade bilten an pou fason ou ka fè kado w la.